QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
QANLÍKÓL RAYONÍ
25-SANLÍ ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEBI

# “FAYLLARDÍ NÁTIYJELI BASQARÍW”
## temasın oqıtıwda interaktiv metodlardan paydalanıw.

**Ulıwma orta bilim beriw mektepleri informatika hám informaciyalıq texnologiyalar páni oqıtıwshıları ushın metodikalıq usınıs.**

**Valiev Raxat Polatbaevich**

25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń
informatika hám informaciyalıq texnologiyalar páni oqıtıwshısı



**Qanlıkól-2025**

## ANNOTASIYA

Bul metodikalıq usınıs 9-klaslarda "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasın oqıwshılarǵa túsindiriwde ınteraktiv metodlardan paydalanıwǵa qaratılǵan. Bul metodikalıq usınısda: "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasınıń aktuallıǵı hám áhmiyeti, interaktiv metodlardıń abzallıqları, temanı oqıtıwda qollanılıwı múmkin bolǵan ınteraktiv metodlar (mısallar menen), oqıwshılardıń bilimin bahalaw usılları haqqında máseleler kórip shıǵıladı. Ínteraktiv metodlar bolsa oqıwshılardı oqıw procesine aktiv tartadı, olardıń qızıǵıwshılıǵın oyatadı hám temanı jáne de tereń túsiniwge járdem beredi. Bul metodikalıq usınıs arqalı siz, húrmetli ustazlar, oqıwshılarǵa "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasın jáne de qızıqlı hám nátiyjeli jetkiziwge erisesiz. Oqıwshılardıń informaciya texnologiyaları salasındaǵı bilim hám kónlikpeleri asıwına úles qosasız.



**Gilt sózler:** fayl, papka, fayl keńeytpesi, skrinshot, qawipsizlik, fayl importı, fayl eksportı, interaktiv metodlar, viktorina, test, bahalaw.


**Recenzent:**

| | |
|---|---|
| Z. Najimova | Qanlikól rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi, qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı. |

**Pikir bildiriwshiler:**

| | |
|---|---|
| E. Boribaeva - | Qanlikól rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi, oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarı. |
| G. Zakirova - | Qanlikól rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi, anıq pánler metod birlespesi basshısı. |
| A. Akimbaev | Qanlikól rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 13-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi, informatika páni oqıtıwshısı. |


Metodikalıq usınıs 1-fevral 2025-jılı mektep pedagogikalıq keńesinde kórip shıǵıldı hám pedagogikalıq keńestıń 5-sanlı májilis bayanlaması qararı menen mektep kóleminde en jaydırıldı.

**Tema: “Fayllardı nátiyjeli basqarıw” temasın oqıtıwda interaktiv metodlardan paydalanıw.**

**MAZMUNÍ.**

**Kirisiw........................................................................................................ 4**

**Tiykarǵı bólim............................................................................................... 5**

**Juwmaqlaw................................................................................................. 16**

**Qosımshalar................................................................................................. 17**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar............................................................................ 21**

## Kirisiw.

## "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasın oqıtıwdıń aktuallıǵı hám áhmiyeti.

Búgingi kúnde informaciyalıq texnologiyalar turmısımızdıń ajıralmas bólegine aylanıp úlgerdi. Jeke turmısımızda, jumıs ornımızda, yaki bilim alıwda derlik hár kúni informaciyalıq texnologiyalarǵa súyenemiz. Informacion texnologiyalar biziń jumısımızdı jeńilletip ǵana qoymastan, biziń bilimimizdi bekkemlew, jańa bilimler iyelewde de áhmiyetli orın iyeleydi. Kompyuter sawatxanlıǵı, atap aytqanda fayllardı nátiyjeli basqarıw kónlikpeleri hár bir paydalanıwshı ushın zárúrli áhmiyetke iye boladı. Sebebi har kúni derlik kompyuterde, noutbukda, planshet yaki smartfonlarda fayllar menen islesiwge májbúr bolamız. Hár túrli qurılmalarda fayllardıń keńeytpelerin túsiniw, fayllardı ashatuǵın programmalar biziń qurılmamızda bar yaki joqlıǵın biliw úlken áhmiyetke iye.

Fayl qanday programmada jaratılǵanına qaray, ózine tán ózgesheliklerge iye boladı. Máselen, tekst penen islew programması járdeminde jaratılǵan fayl, elektron keste járdeminde jaratılǵan faylǵa qaraǵanda basqasha ózgeshelikke iye. Túrli programma yamasa maqsetke baylanısqan fayllar qaysı fayl keńeytpesinde ekenin paydalanıwshı hám kompyuter biliwi ushın olar belgilengen bolıwı kerek. Fayllardı belgilew usılı fayl keńeytpesi dep ataladı.

**Fayl keńeytpesi** - bul fayl atınan keyin keletuǵın hám noqat menen ajıratılǵan bir neshe belgiden ibarat bolǵan bólim.

**Fayl keńeytpeleriniń áhmiyeti:**

• Fayl túrin anıqlaw: Fayl keńeytpesi operacion sistemaǵa hám programmalarǵa fayldıń qanday túrdegi maǵlıwmattı óz ishine alıwın jáne onı qanday programma menen ashıw múmkinligin anıqlawǵa járdem beredi.

• Programmalarǵa kórsetpe beriw: Fayl keńeytpesi programmalarǵa fayldı qanday formatta ekenligin kórsetedi.

• Fayllardı tártipke salıw: Fayl keńeytpeleri járdeminde fayllardı túrine qarap tártipke salıw múmkin.

• Izlewdi ańsatlastırıw: Fayl keńeytpeleri járdeminde kerekli fayllardı tezirek izlep tabıw múmkin.

**Oqıtıwshılarǵa máslahátler:**

• Fayl keńeytpesi ne ekenligin jáne onıń áhmiyetin oqıwshılarǵa durıs hám tolıq túsindiriń.

• Fayl keńeytpeleri menen islewde itibarlı bolıw kerekligin uqtırıń.

• Oqıwshılarǵa kóp qollanılatuǵın fayl keńeytpelerin (mısalı .docx, .jpg, .pdf, .mp3) úyretiń.

• Fayl keńeytpeleri haqqında qosımsha maǵlıwmat alıw ushın internet resurslarınan paydalanıwdı usınıs etiń.

Bul metodikalıq usınıs " Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasın oqıwshılarǵa túsindiriwde ınteraktiv metodlardan paydalanıwǵa qaratılǵan.

**Ne ushın ınteraktiv metodlar?**

Dástúriy oqıtıw usılları oqıwshılardıń aktiv qatnasın hám ǵárezsiz pikirlewin rawajlandırıwǵa mudamı jetkilikli emes. Ínteraktiv metodlar bolsa oqıwshılardı oqıw procesine aktiv tartadı, olardıń qızıǵıwshılıǵın oyatadı hám temanı jáne de tereń túsiniwge járdem beredi.

Bul metodikalıq usınısda fayllardı nátiyjeli basqarıw temasınıń aktuallıǵı hám áhmiyeti, interaktiv metodlardıń abzallıqları, temanı oqıtıwda qollanılıwı múmkin bolǵan ınteraktiv metodlar (mısallar menen), oqıwshılardıń bilimin bahalaw usılları sıyaqlı máseleler kórip shıǵıladı.

Oqıtıwshı innovaciyalıq tálimde bárkámal shaxstı tárbiyalawda zárúrli faktor bolıp xızmet etiwi kerekligin túsiniwi kerek. Hámiyshe "Birdey bolıw" oǵan tuwrı kelmeydi, onıń ushın bolsa oqıtıwshı intellektuallıq dárejesin turaqlı túrde rawajlandırıp barıw zárúr. "Sırtqı faktorlar tásiri" hám psixologiyalıq tosıqlardan qutılǵan oqıtıwshı innovaciyalıq ózgerislerdiń tolıq haqılı qatnasıwshısı bola aladı. [3]

**Maqsetimiz:** Bul metodikalıq usınıs arqalı Siz, húrmetli ustazlar, oqıwshılarǵa "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" temasın jáne de qızıqlı hám nátiyjeli tárizde jetkiziwge erisesiz. Oqıwshılardıń informaciya texnologiyaları salasındaǵı bilim hám kónlikpeleri asıwına úles qosasız.
Bul metodikalıq usınıs sizge óz jumısıńızda ámeliy járdem beredi degen úmittemiz.

## Tiykarǵı bólim:

### 1. "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" teması boyınsha teoriyalıq bilimler.

Kompyuter dúnyasında biz hár kúni hár qıylı fayllar menen islewimizge tuwrı keledi. Súwretler, hújjetler, muzıka, videolar - bulardıń hámmesi fayllar formasında saqlanadı.

Fayl - kompyuterde maǵlıwmat saqlawshı disktıń atalǵan bólimi. Fayl óz belgisi (atı ) na iye boladı. Diskke maǵlıwmatlardı basqa bir jol menen jazıp bolmaydı: bir ǵana háripti diskke jazıw zárúr bolsa da, oǵan at berip, fayl kórinisinde yadta saqlaw kerek. Fayllar jumıs processinde tikkeley paydalanıwshı tárepinen jaratıladı. Fayldıń tiykarǵı belgileri - atı, ólshemi (bayt esabında), jaratılǵan sánesi (kún, ay, jıl), waqtı (saat hám minut). Fayl tiykarǵı atqa hám keńeytpege iye boladı. Fayl atı hám keńeytpesi bir-birinen noqat menen ajratıladı. Olar latın álipbesiniń úlken yamasa kishi háripleri, sanlar hám belgilerden ibarat bolıwı múmkin. [6]

Bıraq bul fayllardı kompyuterimiz qanday túsinedi? Bul jerde fayl keńeytpeleri úlken rol oynaydı. Fayl keńeytpesi úsh yamasa tórt háripten ibarat bolıp fayldıń aqırında noqattan keyin keledi hám fayldıń túrin belgileydi. Mısalı, ".doc" keńeytpesi Microsoft Word hújjetin, ".jpg" keńeytpesi súwretti, ".mp3" keńeytpesi audio fayldı ańlatadı. (Qosımshalarda 1-kestede fayl keńeytpeleri hám olarǵa túsindirmeler berilgen)




**1-súwret.** (Sabaqlıqtaǵı 140-bettegi 11-01- súwret.) Hár qıylı fayl túrleri bar.

Fayl keńeytpeleriniń áhmiyeti júdá úlken. Olar kompyuterge fayldıń qanday túrdegi maǵlıwmatlardı saqlap turǵanın aytıp beredi. Bul maǵlıwmatqa tıykarlanıp, kompyuter fayldı ashıw ushın qaysı programmanı isletiwdi biledi. Mısalı, ".doc" keńeytpesine iye fayldı ashıw ushın Microsoft Word programması qollanıladı. Fayl keńeytpeleri sonıń menen birge, fayldıń qanday etip saqlanıwın da belgileydi. Mısalı, ".jpg" keńeytpesi súwretti qısılǵan halda saqlaw usılın belgileydi. Bul fayldı kishi kólemde saqlawǵa járdem beredi.

Kompyuterimizde yaki basqa qurılmalarımızda fayllardı tártip penen saqlaw úlken áhmiyetke iye, sonda olardı ashıwdı qálesek qay jerden izlew kerekligin bilemiz. Fayllardı basqarıwdan maqset izlep atırǵan faylımızdı tez hám ańsat tabıwdan ibarat. Paydalanatuǵın fayl túrlerin biliw zárúr áhmiyetke iye boladı. Eger qandayda bir programmadan paydalanıp atırǵan bolsańız hámde bul programma ushın sáykes kelmeytuǵın fayl keńeytpesine iye fayldı ashıwǵa háreket qılsańız, fayl zıyanlanadı. Bunı durıslaw ushın sistemanı bul qátege jol qoyıwdan aldıngı jaǵdayına tikleymiz. Biraq, kópshilik programmalarda basqa programma oqıwı múmkin bolgan formatta saqlaw shárti menen fayl import hám eksport etiledi. Keyin bolsa basqa programmada jaratılgan fayldı ashıwıńız, kóriwińiz hám redaktorlawıńız múmkin. Waqıttıń ótiwi menen kompyuterimizde hár qıylı fayllar toplanıp qaladı. Bul fayllardı nátiyjeli basqarıw, olardı tez hám ańsat tabıwǵa járdem beredi. Fayl keńeytpelerin túsiniw hám olardı tuwrı basqarıw áhmiyetli rol oynaydı.

**Fayllardı túrleri boyınsha tártiplew:**

Fayllardı hár qıylı papkalarǵa jaylastırıw, olardı tabıwdı ańsatlastıradı. Mısalı, "Hújjetler", "Súwretler", "Muzıka" sıyaqlı papkalar jaratıń. Papkalar ishinde hár qıylı fayllardı túrleri boyınsha jáne de tártiplew múmkin. Mısalı, "Hújjetler" papkasında "Is hújjetleri", "Jeke hújjetler", "Tálim" sıyaqlı papkalar jaratıń.

**Fayl keńeytpelerin túsiniw:**

Fayl keńeytpesin túsiniw fayldıń túrin anıqlawǵa járdem beredi. Mısalı, ".docx" keńeytpesi Microsoft Word hújjetin, ".pdf" keńeytpesi PDF hújjetin, ".xlsx" keńeytpesi Excel kestesin ańlatadı. Fayl keńeytpesin túsiniw arqalı siz fayldı qaysı programma menen ashıwdı bilesiz.

**Fayl keńeytpelerin ózgertiw:**

Ayırım jaǵdaylarda fayl keńeytpesin ózgertiw kerek bolıwı múmkin. Mısalı, ".txt" keńeytpesine iye fayldı ".doc" keńeytpesine ózgertiw múmkin. Fayl keńeytpesin ózgertiwde itibarlı bolıw kerek. Ayırım jaǵdaylarda fayl ziyanlanıwı múmkin.

**Fayllardı arxivlew:**

Fayllardı arxivlew olardı kishi kólemde saqlawǵa, qorǵawǵa hám ańsat kóshiriwge járdem beredi. Fayl keńeytpelerin nátiyjeli basqarıw waqıttı tejewge, tártipsizlikti kemeytiwge hám fayllardı ańsat tabıwǵa járdem beredi. Bul sizge kompyuterińizde islewdi jáne de nátiyjeli hám qolaylı etedi.

**Fayllardı qıdırıw:** Tez hám nátiyjeli tabıw usılları

Kompyuterde fayllardı tabıw waqtında kóbinese kóp waqıt sarplaymız. Bıraq, fayllardı tez hám nátiyjeli tabıw ushın bir neshe usıllar bar.

Qıdırıw filtrleri:

- Fayl atı boyınsha qıdırıw: Bul eń ápiwayı usıl. Fayl atı yamasa onıń bir bólegin jazıp, qıdırıwdı ámelge asırıwıńız múmkin.
- Fayl túri boyınsha qıdırıw: Mısalı, ".jpg" yamasa ".pdf" sıyaqlı fayl keńeytpelerin qıdırıwıńız múmkin.
- Fayl kólemi boyınsha qıdırıw: Kishi, orta hám úlken kólemdegi fayllardı qıdırıw múmkin.
- Ózgertirilgen sáne boyınsha qıdırıw: Fayldıń jaratılǵan yamasa ózgertirilgen sánesin kórsetip, qıdırıwıńız múmkin.
- Avtor boyınsha qıdırıw: Eger fayldıń avtorı málim bolsa, onı qıdırıwıńız múmkin.
- Gilt sózler boyınsha qıdırıw: Fayldıń quramında qanday gilt sózler bar ekenin kórsetip, qıdırıwıńız múmkin.

**Túrli fayllardı eksport hám import qılıw.**

Ayırım waqıtlarda fayldı import qılıw zárúr boladı. Usı talap sebepli túrli programmalar túsine alatuǵın standart fayl túrleri islep shıǵılǵan. Standart túrdegi fayllarǵa mısallar: dawıslı maǵlıwmat ushın .mp3 fayl keńeytpesi, grafikalıq maǵlıwmat ushın .gif hám .jpg fayl keńeytpesi, tekst hám elektron kesteli maǵlıwmatlar ushın da standart fayl túrleri bar.




**2-súwret.** (Sabaqlıqtaǵı 141-bettegi 11.03-súwret.) Elektron keste faylın .csv keńeytpesi retinde saqlaw

Eger elektron kesteni comma separated values (útir menen ajıratilgan mánis, .csv) formatında saqlasańız, ol hár qanday elektron keste programmasında qollanıwı múmkin. Bul formattaǵı fayl elektron keste túrinen parq etip, hár qanday .csv keńeytpeli faylda bir dana keste bolıwı múmkin. Ol ketekshe, baǵana yamasa formatlaw ózgesheliklerin, atap aytqanda, formulanı da saqlamaydı. Maglıwmatlar óz ara útir menen ajıratılǵan halda tekstli fayl formasında saqlanadı.

Fayl qanday import etiliwin túsiniw ushın aldın onıń qanday eksport etiliwin úyreniń. Tómendegi mısalda Microsoft Excel programması berilgen, biraq hár qanday elektron keste menen isleytuǵın programma processti usıǵan uqsas halda orınlaydı. Elektron kesteni .csv faylı sıpatında saqlaw ushın elektron keste faylın ashıń hám **File > Save As** buyrıǵın basıń. **Save as type** maydanındaǵı dizimnen **CSV** fayl keńeytpesin tańlań. **Save** túymesin basıń *(2-súwretke qarań).*

**Fayldı saqlaw hám jaylastırıw.**
Fayldı basqarıw boyınsha bir neshe másláhát:

- Hárbir faylǵa onıń ishinde ne bar ekenin tezlik penen aytıp beretuǵın at beriń.
- Oǵan uqsas xarakterdegi fayldı saqlaw ushın papka jaratıń.
- Papkalardı iyerarxiyalıq dúziliste saqlań. *(3-súwretke qarań)*




**3-súwret.** (Sabaqlıqtaǵı 142-bettegi 11.04-súwret.) Fayllardı basqarıwdıń iyerarxiyalıq dúzilisi.

**Fayl atı.**
Fayldı atawdıń kóplegen usılları bar. Bul usıllardan ózińizge sáykes keletuǵınının tańlawıńız hám onnan úzliksiz túrde paydalanıwıńız múmkin.
•Fayl atına hújjet jaratılǵan sáneni kiritiw múmkin. Máselen, ol 18-04-15 formasında boladı.
•Hújjet mazmunın fayl atında kórsetiw múmkin. Máselen, shıǵarma_ushın_esletpe sıyaqlı.

- Nátiyjede 18-04-5_de shıǵarma_ushın_esletpe.doc sıyaqlı fayl atı payda boladı (fayl atınan keyin noqat yamasa keńeytpeni jazıw shárt emes; paydalanılıp atırǵan programma bunı avtomatikalıq túrde siz ushın orınlaydı).
- Saqlawdı juwmaqlawdan aldın fayldı qaysı papkada saqlaw kerekligin belgilew kerek; bunda My documents/School Work/English katalogına saqlawıńız múmkin.

**Fayldı túrli formatta basıp shıǵarıw.**

**Qaralama hújjet.** Hújjettiń aqırǵı nusqasın basıp shıǵarıw ornına hújjettiń qaralamasın basıp shıǵarıw múmkin. Kópshilik programmalar hújjettiń qaralama versiyasın basıp shıǵarıw imkaniyatın beredi. Bul, atap aytqanda, hújjette bir neshe hár qıylı shriftler yaki grafikler bar bolǵanda basıp shıǵarıwdı tezlestiredi, sebebi qaralamanı basıp shıǵarıwda túrli shriftler qollanbaydı hám grafikler belgilengen orında jaylaspaydı.

**Skrinshot.** Eger Windowsdan paydalanıp atırǵanda ekrandaǵı qálegen nárseniń súwretin payda etiwdi qáleseńiz, bul klaviaturadaǵı **print screen** túymesi járdeminde ámelge asırıladı. Túyme **PrnScr, PrtScn** yamasa soǵan uqsas yarlıqqa iye boladı. Noutbukte bul process **Fn** yamasa funkcional túymeni basıp turıw arqalı ámelge asırıladı. Onı basqanıńızdan keyin, ekranıńız súwreti yad buferinde saqlanadı. Keyin súwretti basıp shıǵarıw ushın ol sáykes programmaǵa jaylastırıladı. Eger onı grafik fayl sıpatında saqlamaqshı bolsańız, súwret penen isleytuǵın programmaǵa jaylastırıń hám kerekli papkaǵa paydalanıw múmkin bolǵan grafik fayl sıpatında saqlań.

**Maǵlıwmatlar kestesi.** Maǵlıwmatlar bazası kestesine maǵlıwmatlardı kiritkenińizden keyin, kesteniń nusqasın basıp shıǵarıwıńız múmkin. Maǵlıwmatlar bazası aynasınan **Tables** túymesin tanlań hám basıp shıǵarmaqshı bolǵan keste atın tanlań. **Fayl** menyusi arqalı yamasa basıp shıǵarıw ikonkasın basıw arqalı basıp shıǵarıladı.

**Grafik/diagramma.** Elektron keste programmasında diagramma jaratqanıńızdan keyin onı basıp shıǵarmaqshısız. Siz bul jumıstı keste maǵlıwmatı menen yamasa óz aldına ámelge asırıwıńız múmkin. Diagrammanı bettegi kerekli jerge kóshirip, maǵlıwmatıńızdıń ólshemine sáykes túrde ózgertip, keyin basıp shıǵarıń. Diagrammanı hújjetten óz aldına kóriniste basıp shıǵarıw múmkin. Bunıń eń ápiwayı usılı onnan nusqa alıw hám basqa jumısshı betke jaylastırıw, keyin ólshemin bir bet ushın sáykeslendirgen halda basıp shıǵarıw.

**Brauzerdegi hám HTML kórinisindegi veb bet.** Veb betti HTMLda basıp shıǵarıwdan aldın, onı aldın sol formatta kóriw hám qátelerin dúzetiw kerek. **View** menyusi tańlanadı keyin **Source or Source Code** túymesi basıladı. Kóp web betlerde jiyekten paydalanadı. Nátiyjede bir neshe veb betler bir ekranda kóriledi. Dáslepki kórinis kórsetilgeninen keyin hújjet basıp shıǵarıladı.

Joqarıda keltirilgen maǵlıwmatlardı oqıwshılarǵa jetkeriwde interaktiv metodlardan paydalanıw arqalı joqarı nátiyjelerge erisemiz.

**2. Temanı oqıtıwda ınteraktiv metodlardan paydalanıwdıń abzallıqları.**

Fayllardı nátiyjeli basqarıw zamanagóy dúnyada zárúrli kónlikpe esaplanadi. Bul process tek ǵana texnikalıq bilimlerdi emes, shólkemlestiriwshilik qábiletin de talap etedi. Oqıwshılarǵa bul temanı úyretiwde dástúriy usıllar - mısalı, tek teoriyalıq sabaqlar yamasa lekciyalar kóbinese jetkilikli nátiyje bermeydi. Sebebi, fayllardı basqarıw ámeliy kónlikpe bolıp, onı tek esitiw yamasa oqıw arqalı emes, bálki ámelde sınap kóriw menen ózlestiriw múmkin. Bul jerde ınteraktiv metodlar óziniń nátiyjesin kórsetedi.

Interaktiv usıllardan nátiyjeli paydalanıw bilim beriw procesine aktivlik, ızleniwsheńlik keypiyatın asıradı, oqıwshılarda óz múmkinshiliklerine isenim hám óz miyneti nátiyjesinen qanaatlanıwshılıq sezimin keltirip shıǵaradı, bilim alıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqların jáne de asıradı. Bul bolsa, bilimlendiriw procesinde oqıwshılar shaxsın bárkámal etiwdiń zárúrli faktorları bolıp esaplanadı. Oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı qatnaslar da zárúrli áhmiyetke iye. [2]

Interaktiv metodlar degende oqıwshılardı aktiv qatnasıwǵa, olardıń qızıǵıwshılıǵın oyatatuǵın hám ámeliy tájiriybe arttırıwǵa járdem beretuǵın oqıtıw usılları túsiniledi. Mısalı, toparlarda islew, ámeliy tapsırmalar, simulyaciya oyınları yamasa real turmıslıq jaǵdaylardı eliklew sıyaqlı usıllar bar. Bul metodlar oqıwshılardı passiv tıńlawshıdan aktiv qatnasshıǵa aylandıradı. Fayllardı basqarıw sıyaqlı temada bul júdá zárúrli, sebebi oqıwshılar óz qátelerin ámelde kórip, olardı ońlawdı úyrenedi. Usınıń sebebinen, ınteraktiv metodlardan paydalanıw tek ǵana oqıw procesin qızıqlı etip qoymastan, bilimlerdi tereń ózlestiriwge de járdem beredi.

Bunnan tısqarı, ınteraktiv metodlar oqıwshılardıń hár qıylı oqıw usıllarına iykemlesedi. Ayırım adamlar maǵlıwmattı esitiw arqalı, basqaları bolsa kóriw yamasa qol menen islew arqalı jaqsı qabıl etedi. Interaktiv usıllar bul hár bir oqıwshınıń ózine sáykes tárizde bilim alıw imkaniyatın beredi.

Fayllardı nátiyjeli basqarıw temasın oqıtıwda bir neshe interaktiv metodlardı kórip shıǵamız.

**Interaktiv oyın: "Fayllar dizayneri" Metod:** Toparlıq jumıs hám rol bólistiriwi.

**Maqseti:** Oqıwshılarda joybar dúziw, papkalardı ham fayllardı tártiplestiriw kónlikpesin qáliplestiriw hám rawajlandırıw.

Oqıwshılarda shaqqanlıq hám juwapkershilikti asırıw, waqıt penen islesiw kónlikpesin rawajlandırıw maqsetinde 5 minut waqıt beremiz. Oqıwshılardı klasstaǵı oqıwshılar sanınan kelip shıǵıp eki yaki úsh oqıwshıdan toparlarǵa bólemiz. Toparda bir oqıwshı bas dizayner, qalǵanları dizayner járdemshisi boladı. Hár bir toparǵa "Siziń klasıńız ushın oqıw materialları, joybarlar hám jeke fayllar ushın eń nátiyjeli papka strukturasın joybarlaw" tapsırmasın beremiz. Oqıwshılarǵa kompyuterde Windows operacion sistemasında berilgen tapsırma boyınsha papkalar jaratıw imkaniyatı beriledi. Oqıwshılar papkalardı jaratıw barısında fayllardı tártiplep papkalarǵa jaylastırıp saqlaw kónlikpesine iye boladı. *(qarań 4-súwret)* Oqıwshılar ózleriniń papkalar strukturasın usınadı, basqa toparlar bul jaratılǵan papkalar strukturasına óz pikirlerin aytıp ótedi.Oqıtıwshı eń nátiyjeli strukturanı atap ótedi.




**4-Súwret.** Oqıwshılar dúziwi múmkin bolǵan papkalar strukturası.

**Interaktiv oyın: “Maǵan aytpa, maǵan kórset”. Metod:** Toparlıq jumıs.

**Maqseti:** Oqıwshılarda fayllardı keńeytpelerine qarap tanıp alıw, dóretiwshilik qabiletlerin rawajlandırıw.

Bul metodta aldin ala A4 format qaǵazdı tórtke bólip, monitor súwretin túsirip tayarlaymız. (qarań 5-súwret) Fayl keńeytpeleri jazılǵan tarqatpa kartochkalar tayarlaymız (qarań 6-súwret). Oqıwshılardı eki toparǵa bólemiz. Topar atları oqıwshılar qálewi boyınsha qoyıladı. Eki toparǵa fayl keńeytpeleri jazılǵan kartoshkalardan hám monitor súwreti túsirilgen tarqatpa materiallardan tarqatamız. Birinshi topar qolındagı fayl keńeytpesi jazılǵan kartochkanı (máselen XLS keńeytpesi jazılǵan) ekinshi toparǵa kórsetedi. Ekinshi topar monitor súwreti túsirilgen tarqatpa materialǵa kartochkada kórsetilgen fayl keńeytpesin sızıp (máselen keste formasın sızıp) kórsetiwi kerek. Óz gezeginde ekinshi topar óz kartochkasın kórsetedi, birinshi topar bul fayl keńeytpesin súwretlep kórsetiwi kerek. Toparlar wazıypalardı orınlap bolaman degenshe qollarındaǵı fayl keńeytpeleri haqqında hesh nárse aytpaydı. Wazıypa orınlanıp bolǵannan soń har bir topar fayl keńeytpeleri haqqında ózleriniń salǵan súwretlerine sıpatlama beredi. Bul jerde ne ushın sonday súwret salǵanın ham fayl keńeytpesin qısqa túsindirip ketedi. Oqıtıwshı toparlardıń fayl keńeytpelerin súwretlep salǵan súwretlerin ham toparlar maǵlıwmatların analız etedi, qáteleri bolsa dúzetedi. Toparlardı xoshametleydi. Fayl keńeytpelerin men basqasha súwretlegen bolar edim dep taxtaǵa oqıwshılar súwretlegeninen basqasha formada súwret sızıp kórsetse, oqıwshılardı jane de fayl keńeytpelerin eslep qalıwǵa, dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa úles qosqan bolamız.



**5-súwret. “Maǵan aytpa, maǵan kórset” metodında paydalanıw ushın tarqatpa material.**






**6-súwret. "Maǵan aytpa, maǵan kórset" metodında oqıwshılarǵa tarqatılatuǵın fayl keńeytpeleri jazılǵan kartoshkalar.**

**Interaktiv metod: Fayl keńeytpeleri: Ótmish, búgin hám keleshek.**

Bul metodtan paydalanıw ushın oqıwshılarǵa tómendegi maǵlıwmatlardı túsindirip ótiw kerek. Fayl keńeytpeleri (mısalı,.txt,.pdf,.jpg) cifrlı dúnyada maǵlıwmat strukturasınıń tiykarǵı bólegi bolıp, ótken asirde qáliplesken, házirgi kúnde keń tarqalǵan hám keleshekte jańa sırtqı kórinislerge ótip atırǵan túsinik bolıp tabıladı.

**Ótmishte fayl keńeytpeleri**

Fayl keńeytpeleri tariyxı 1960-jıllarǵa barıp taqaladı. Sol dáwirde paydalanılǵan qatar keńeytpelerge mısal etip .com (komandalar ushın), .exe (orınlawǵa tayar fayllar) hám .doc (Microsoft Word dáslepki hújjet formatları) keltiriw múmkin. Usınıń menen birge, 1990 -jıllarǵa shekem .wps (WordPerfect) hám .flo (floppy disk suwretleri) sıyaqlı keńeytpeler de ámelde bolǵan, biraq olar házirde derlik paydalanılmaydı.

**Búgingi kúnde fayl keńeytpeleri**

Házirgi kúnde eń keń tarqalǵan fayl keńeytpeleri ańsat paydalanıw, kóp platformada isley alıw hám maǵlıwmattı nátiyjeli saqlaw imkaniyatın beredi. .pdf (Portable Document Format, 1993-jılda Adobe tárepinen usınıs etilgen) házirde hújjetler ushın standart format bolıp, universal qásiyetleri sebepli barlıq jerde qollanıladı. Sonıń menen birge, .jpg (Joint Photographic Experts Group, 1992) súwretler ushın eń ataqlı formatlardan biri bolıp, veb-saytlar hám smartfonlarda keń tarqalǵan. .mp3 (audio fayllar ushın, 1991-jılda baslanǵan) búgingi kúnde muzıka saqlawda tiykarǵı rol oynaydı. Bul keńeytpelerdiń atı olardıń maqsetin anıq ańlatadı: .pdf - "portable" hújjet, .jpg - súwret hám .mp3 - audio fayl. Házirgi kúnde zamanagóy programmalıq támiynat hám bultlı texnologiyalar sebepli bul keńeytpeler derlik hár bir qurılma menen sáykes keledi.

**Keleshekte fayl keńeytpeleri**

Keleshekte fayl keńeytpeleri jáne de natiyjelilew, kishilew kólemli hám jańa texnologiyalar menen sáykes keletuǵın formatlarǵa ótiwi kútilip atır. Mısalı, .avif (Av1 Image File Format, 2019 -jılda usınıs etilgen) suwretler ushın jańa format bolıp, .jpg hám .png ga qaraǵanda sapanı saqlap, kólemin azaytadı. Bul format veb-saytlar hám mobil qurılmalarda barǵan sayın kóbirek qollanılıp atır. Sonıń menen birge, .heic (High Efficiency Image Container, Apple tárepinen 2017-jılda qollanılǵan ) iPhone'larda súwretler ushın standart bolıp, keleshekte kóbirek qollanılıwı kútilip atır. .json (JavaScript Object Notation, 2000-jıllardıń basınan baslanǵan) veb maǵlıwmat almaslawda barǵan sayın zárúrli bolıp atır. Keleshektegi keńeytpelerdiń atları olardıń texnologiyalıq abzallıqları hám maqsetlerin sáwlelendiredi, mısalı, .avif - avtomatikalıq túrde sapa hám kólemdi optimallastırıwdı ańlatadı.

Oqıwshılardı kompyuterge eki oqıwshıdan otırǵızamız, sebebi fayllardı taqlawda bir biri menen pikir alısıwı kerek. Kompyuterde tayarlanǵan tapsırmanı oqıwshılarǵa beremiz. Keste kórinisinde tayarlanǵan tapsırmada oqıwshılar ótmishde, házirgi kúnde hám keleshekte paydalanılatuǵın fayllardı tiyisli ketekshelerge tuwrı jaylastırıw kerek. *(qarań 1-keste)*

| Fayl keńeytpeleri | | Ótmish | Bugin | Keleshek |
|---|---|---|---|---|
| .com | .heic | | | |
| .exe | .flo | | | |
| .jpg | .json | | | |
| .pdf | .doc | | | |
| .avif | .mp3 | | | |
| .wps | .png | | | |

1-keste. Fayl keńeytpelerin ótmish, bugin hám keleshek boyınsha taqlaw.

**Interaktiv usıl. Túsirip qaldırılǵan sózlerdi tap.** Toparlarda islew.
**Maqseti:** Oqıwshılardıń pikirlew qábiletin rawajlandıradı hám túsiniw kónlikpelerin asırıwǵa járdem beredi.

Tómende fayllardı basqarıw temasında túsirip qaldırılǵan sózlerdi kiritiw ushın qısqa tekstler keltirilgen. Bul tekstlerde bos orın belgileri ornına kiritiliwi kerek bolǵan túsirip qaldırılǵan sózlerdi tawıp qoyıń:

**#1. Tekst**
Fayllardı nátiyjeli basqarıw ushın aldın olardı tuwrı _____ (tártiplew) hám at beriw zárúr. Hár bir fayl ushın anıq hám mazmunlı ______(at) tańlaw, keyinirek onı tabıwdı ańsatlastıradı. Sonıń menen birge, fayllardı kerekli orınǵa ______ (saqlaw) hám kerek waqıtta rezerv nusqasın saqlawdı umıtpań.

**# 2. Tekst**
Kompyuterde fayllardı ______ (tártiplestiriw) ushın papkalar jaratıw usınıs etiledi. Mısalı, jumıs, jeke hám basqa _______ (kategoriyalar) boyınsha bólek papkalar ashıwıńız múmkin. Bul fayllardı izlew waqtında ______ (waqıt) tejewge járdem beredi.

**# 3. Tekst**
Fayllardı elektron pochta arqalı jiberiwden aldın, olarǵa _____ (qosımsha) fayllardı qosqanıńızǵa isenim payda etiń. Basqa paydalanıwshılar ushın málim bir _____ (format) ta saqlanǵan fayllardı tańlaw da zárúrli bolıp tabıladı. Bul olarǵa fayldı ańsat _____ (ashıw) ǵa járdem beredi.

**# 4. Tekst**
Fayllardı basqarıw processinde _____ (qátelik) lerdi kemeytiw ushın hár bir fayldı úzliksiz túrde _____ (jańalaw) zárúr. Fayl redaktorlanǵannan keyin, ózgerislerdi ______ (saqlaw) dı umıtpań, keri jaǵdayda zárúrli maǵlıwmattı joǵaltıw qáwpi bar.

Oqıwshılardı eki toparǵa bólip, bul tekstlerdi beremiz. Oqıwshılar toparlarda oylasıp pikirlesip, bir sheshimge kelip sózlerdi tawıp orınlarına jazıp beredi. Bul metodikanı paydalanıwdıń ahmiyeti túsirip qaldırılǵan sózlerdi toltırıw oqıwshılardıń pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa hám túsiniw kónlikpelerin asırıwǵa járdem beredi.

**Interaktiv metod: Oqıwshılar bilimlerin bekkemlewde krossvord hám chaynvordlardan paydalanıw.**

Krossvord hám chaynvordlar oqıwshılar bilimlerin bekkemlewdiń nátiyjeli hám qızıqlı usıllarınan biri bolıp tabıladı. Olar oqıwshılardı ózlestirilgen maǵlıwmatlardı eslep qalıwǵa, olardı hár qıylı kontekstlerde qóllawǵa hám óz bilimlerin sınap kóriwge úndeydi.

Krossvord hám chaynvordlar abzallıqları:

Bilimlerdi bekkemlew hám tekseriw: Krossvord hám chaynvordlar oqıwshılardı ózlestirilgen maǵlıwmatlardı eslep qalıwǵa hám olardı hár qıylı kontekstlerde qóllawǵa

iytermeleydi, oqıwshılardıń maǵlıwmatlardı qanshelli jaqsı ózlestirgenligin tekseriwge járdem beredi.

Sóz baylıǵın asırıw: Krossvord hám chaynvordlar jańa sózlerdi úyreniw hám olardı eslep qalıwǵa járdem beredi.

Logika hám analiz qábiletin rawajlandırıw: Krossvord hám chaynvordlar oqıwshılardıń logika hám analiz qábiletin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

Qızıqlı hám oyınlı: Krossvord hám chaynvordlar oqıwshılar ushın qızıqlı hám oyınlı, báseki elementi bolıp, olardı úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵı artadı.

**Krossvord hám chaynvordlardan paydalanıw boyınsha usınıslar :**

- Temaǵa sáykes keletuǵın krossvord hám chaynvordlardı saylań.
- Oqıwshılardıń jası hám bilimlerine sáykes keletuǵın krossvord hám chaynvordlardı tayarlań.
- Krossvord hám chaynvordlardı qızıqlı hám oyın retinde paydalanıwǵa háreket etiń.
- Oqıwshılarǵa krossvord hám chaynvordlardı sheshiwde járdem beriń.

Oqıwshılarǵa tómendegishe krossvord hám chaynvord dúzip temanı bekkemlewde paydalanamız.







**Enine.** 1. .doc, .docx fayl keńeytpelerin ashıp beriwshi programma

2. Faylǵa kiritilgen ózgeristi saqlaw buyrıǵı.

3. Maǵlıwmatlardı basqa programmalarda da ashıw ushın qayta saqlaw.

5. Fayl atı hám keńeytpesin ... ... belgisi ajıratıp turadı.

8. Bul fayl keńeytpesi "Extensible Markup Language" (Keńeyttirilgen belgilew tili) fayllarıń ańlatadı.

**Tigine.** 2. Kompyuter ekranın súwretke alıw.

4. Keste faylları menen islesetuǵın programma.

6. Tekstli fayl keńeytpesi.

7. Maǵlıwmattı at berip diskte saqlaw.

**Ótilgen temanı bekkemlew metodı.** Ótilgen temanı bekkemlewde oqıwshılarǵa tómendegi kesteni tarqatamız. Oqıwshılar jeke tártipte kestede berilgen atamalar táriypleri menen tanısıp, óz jeke kóz qarasların arnawlı belgiler arqalı bildiredi. Oqıwshılarǵa 5-8 minut waqıt beriledi. Belgilengen waqıt juwmaqlanǵannan soń, oqıwshılar ushın tanıs emes hám túsiniksiz bolǵan maǵlıwmatlar oqıtıwshı tárepinen analiz qılınıp, tusindirilip, olardıń mazmunı tolıq ashıladı. Oqıwshılardıń qosımsha sorawlarına juwap beredi.

| Túsinikler mazmunı | V<br><br>(bilgen edim) | —<br><br>(aldıńģı bilgenlerime tuwrı kelmeydi) | +<br><br>(qızıqlı, men ushın jańa bilim) | ?<br><br>(túsiniksiz, sorawlarım bar) | !<br><br>(Kóbirek biliwdi qaleymen, meni lal qaldırǵan maǵlıwmat) |
|---|---|---|---|---|---|
| **Fayl keńeytpesi** | | | | | |
| **Fayllardı import hám eksport etiw.** | | | | | |
| **Joǵaltıwlı hám joǵaltıwlarsız tıǵızlaw.** | | | | | |

Joqarıda kórsetilgen interaktiv metodlar arqalı biz oqıwshılardıń temaǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıp ǵana qoymastan, temanı yadlarında saqlap qalıw, zarúr bolǵanda paydalanıw kónlikpelerin rawajlandıramız.

## 3. Oqıwshılardıń bilimin bahalaw usılları.

Házirgi kúnde oqıwshılardıń pánlerdi tereń úyreniwi, qızıǵıwshılıqlarınıń rawajlanıwı, ózlestirgen bilimlerin ámeliyatda qóllaw, kásipke baǵdarlawdı shólkemlestiriw, ádebiyatlar ústinde óz betinshe islew kónlikpelerin qáliplestiriw, internet sisteması járdeminde informaciya izlew, alıw hám qayta islewdi úyreniw menen birge olarǵa bilimlerin qadaǵalawdıń jańa mexanizmlerin ámeliyatqa engiziwdi úyretiw maqsetke muwapıq boladı. Bul baǵdarda oqıwshılardıń bilimlerin bahalaw úlken ahmiyetke iye. [1]

Fayllardı nátiyjeli basqarıw zamanagóy cifrlı dúnyada zárúrli kónlikpe bolıp, oqıwshılardıń bul kónlikpelerdi ózlestiriwi olardıń kúndelik hám oqıw iskerliginde tabıslı bolıwına járdem beredi. Bul bólimde 9-klass oqıwshıları ushın "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" teması boyınsha bilim hám kónlikpelerin bahalawǵa qaratılǵan metodikalıq usınıslar keltirilgen.

**Ne ushın oqıwshılardı bahalaw kerek?**

Fayllardı nátiyjeli basqarıw oqıwshılarǵa cifrlı ortalıqta tártipli islew, maǵlıwmatlardı joǵaltıwdan saqlaw hám óz ornın tez tabıw imkaniyatın beredi. Oqıwshılardı bahalaw arqalı olardıń bul kónlikpelerdi qanshelli ózlestirgeni anıqlanadı hám oqıtıwshılarǵa oqıw procesin jáne de nátiyjeli shólkemlestiriwde járdem beredi. Bahalaw procesi tómendegi maqsetlerdi gózleydi:

- Oqıwshılardıń teoriyalıq bilimlerin tekseriw.
- Ámeliy kónlikpelerin sınaqtan ótkeriw.
- Mashqalalardi sheshiw qábiletin rawajlandırıw.

**Teoriyalıq bahalaw usılları**

Oqıwshılardıń fayl basqarıwı boyınsha teoriyalıq bilimlerin bahalaw ushın tómendegi usıllardan paydalanıw múmkin:

**1. Testler hám viktorinalar**

Testler arqalı oqıwshılardıń fayl basqarıwdıń tiykarǵı túsinikleri haqqındaǵı bilimleri tekseriledi. Sorawlar qısqa hám anıq bolsa maqsetke muwapıq boladı.

Fayllar basqarıwı teması boyınsha testlerden úlgi keltiremiz.

**1. Qaysı juwap fayl atı hám fayl keńeytpesiniń tuwrı tariypin beredi?**

A) Fayl atı - fayldıń mazmunın, fayl keńeytpesi - fayl jaratılǵan sáneni kórsetedi.
B) Fayl atı - fayl túrin, fayl keńeytpesi - fayldıń kólemin kórsetedi.

C) Fayl atı - fayldı anıqlaw ushın qollanılatuǵın unikal at, fayl keńeytpesi - fayl túrin anıqlaw ushın qollanılatuǵın qosımsha maǵlıwmat.
D) Fayl atı - fayldıń jaylasqan papkasın, fayl keńeytpesi - fayldıń aqırǵı ózgeris kiritilgen sánesin kórsetedi.
**Tuwrı juwap : C) Fayl atı - fayldı anıqlaw ushın qollanılatuǵın unikal at, fayl keńeytpesi - fayl túrin anıqlaw ushın qollanılatuǵın qosımsha maǵlıwmat.**
**2. "bmp" faylı qanday túrdegi fayl esaplanadı?**
A) Súwretli fayl B) Tekstli fayl C) Video fayl D) Audio fayl
**Tuwrı juwap : A) Súwretli fayl**
**Túsindiriw: ". bmp" keńeytpeli fayllar "Bitmap fayl" rastrlı (piksellerden ibarat) súwret formatı ekenligin ańlatadı.**
**3. CSV faylı ne ushın qollanıladı?**
A) Súwretlerdi saqlaw ushın B) Tekstli hújjetlerdi saqlaw ushın
C) Elektron keste maǵlıwmatların saqlaw ushın D) Video fayllardı saqlaw ushın
**Tuwrı juwap : C) Elektron keste maǵlıwmatların saqlaw ushın**
**Túsindiriw: CSV faylı "keste formatında saqlanǵan maǵlıwmatlar", yaǵnıy ol elektron keste maǵlıwmatların saqlaw ushın qollanıladı.** *(qaran 2-qosımsha. test sorawları.)*

Bul test sorawların oqıwshılardıń informaciyalıq texnologiyalarǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw hám de kompyuterde test islew kónlikpelerin arttırıw maqsetinde quizziz.com saytında tayarlaymız. Testlerdi tayarlaw ushın quizziz.com platformasına kirip dizimnen ótemiz yaki google akkauntımız arqalı platformaǵa kirsek boladı. Platformada aldınnan tayarlaǵan test sorawların kompyuterde alsaq boladı. Kompyuter bolmaǵan yaki jetispegen jaǵdayda quizziz.com saytında Q-kartalardan paydalanıp qaǵaz rejiminde *(qarań. 3-qosımsha*) test alsaq boladı. Bul waqıttan únemli paydalanıwda qol keledi. Oqıwshılardıń bahaları sistema tárepinen esaplanıp turıladı.

**2. Dóretpe yamasa oy-pikir jazıw. Dóretpe teması - "Fayllardı tártipli saqlaw oqıw procesimde qanday járdem beredi?"**

Oqıwshılardan fayllardı basqarıwdıń áhmiyeti haqqında qısqa dóretpe jazıw soraladı. Bul usıl olardıń óz pikirlerin ańlatıw qábiletin de bahalaydı. Dóretpe dápter betiniń yarımı yaki A4 formattaǵı qaǵazdıń yarımı kóleminde qısqa jazıladı. Oqıwshılar bul dóretpeni jazıwda fayllardı tártipli saqlaw ózlerine qanday qolaylıqlar jaratadı, fayllardı tártiplestiriw ne ushın kerek, qanday usıllarda tártiplew múmkin, fayllardı tártiplew ozleriniń oqıw procesinde qanday járdem beredi degen sorawlarǵa juwap beriw kerek. Dóretpeni jazıwǵa jeti, segiz minut waqıt bersek boladı. Oqıwshılardıń dóretpelerin bahalawda mazmuni, pikirler izbe-izligi, pikirlerin ańlatıw qábiletlerine itibar qaratamız.

**3. Awızsha soraw-juwap arqalı bahalaw. Maqseti: Oqıwshılar bilimlerin, tema boyınsha túsiniklerin operativ bahalaw, olardıń tosattan berilgen sorawlarǵa tezlik penen juwap qaytarıw qabiletlerin rawajlandırıw hám bahalaw.**

Sabaq dawamında oqıwshılardan fayllar basqarıwı boyınsha tosatdan berilgen ápiwayı sorawlarǵa juwap beriwleri soraladı. Máselen oqıwshılarǵa fayllardı import hám eksport etiw haqqında túsinikler berilip atırǵan waqıtta, tosattan papkalar jaratıw haqqında soraw beremiz. Oqıwshılar oy pikiri fayllardı import hám eksport etiw haqqındaǵı túsinikler menen bánt bolǵan waqıtta, olarǵa papkalar jaratıw haqqında berilgen soraw bunnan aldın papkalar haqqında berilgen túsiniklerdi eslewge májbúrleydi. Bul usıl olardıń túsinigin operativ tekseriw hám har qanday jaǵdayda tosatdan berilgen sorawlarǵa juwap beriw ushın qolay.

Máselen oqıwshılarǵa tómendegi sorawlardı bersek boladı.
- "Fayllardı tártipke salıwda papka strukturası qanday járdem beredi?"
- "Fayl atın qoyıwda qanday talaplar bar?"

- “Fayllardı arxivlew bizge ne beredi?”

**4. Ámeliy bahalaw usılları. Maqseti: Oqıwshılardıń fayllardı basqarıwın kompyuterde ámeliy qollay alıwın bahalaw.**

Ámeliy kónlikpelerdi bahalaw oqıwshılardıń fayllardı basqarıwdı haqıyqıy jaǵdaylarda qollay alıwın kórsetedi. Tómendegi usıllar usınıs etiledi:

**Fayllardı tártipke salıw wazıypası.**

Oqıwshılarǵa bir neshe fayl (mısalı, tekstli hújjetler, súwretler, keste faylları) beriledi hám olardan bul fayllardı kompyuterde ierarxik dúziliste tártipke salıw tapsırması beriledi.

Berilgen fayllar: “Matematika_test. docx”, “Ingliz_tili_insho.pdf’, “Súwretler.jpg”.

Wazıypa: Bul fayllardı “Mektep jumısları” degen tiykarǵı papkada “Matematika”, “Anglichan tili”, “Súwretler” ishki papkalar jaratıp, jaylastırıń. Bunda bahalaw kriteryaları: papka atlarınıń anıqlıǵı, fayllardıń tuwrı papkalarda jaylasıwı, dúzılıwdıń qolaylıǵı.

**5. Joybar jaratıw.** Oqıwshılardan ózleriniń oqıw jumısların yamasa jeke joybarın fayllar retinde shólkemlestiriw soraladı. “Mektep portfeli” joybarında olar fayllardı pánler boyınsha tártipke salıp qoyıwı múmkin. Mısalı: “Matematika” papkasında testler, “Anglichan tili” papkasında dóretpeler saqlanadı.

**6. Fayl formatların tańlaw.** Oqıwshılardan málim bir wazıypa ushın tuwrı fayl formatın tańlaw soraladı. Mısalı, tekstli hújjetti saqlaw ushın .docx yamasa .pdf formatınan qaysısı abzal ekenligin tiykarlap beriwleri kerek. Mısalı “Dóretpe jazıp, onı .pdf formatında saqlań hám sebebin túsindiriń.”

**7. Juwmaqlawshı bahalaw usılları:**

Oqıwshılardıń ulıwma bilim hám kónlikpelerin bahalaw ushın tómendegi usıllar qollanıladı :

7.1. Portfel tekseriwi: Oqıwshılardıń barlıq faylları hám papkaları dúzilisi tekseriledi. Bul olardıń uzaq múddetli tártipke ámel qılıw qábiletin kórsetedi.

7.2. Prezentaciya: Oqıwshılar óz fayl strukturaların klasqa usınıs etedi hám qanday etip tártipke salǵanın túsindiredi. Máselen oqıwshılarǵa “Nege bul fayldı bul papkaga jaylastırdıńız?”

7.3. Mashqalanı sheshiw: Oqıwshılarǵa mashqala beriledi, mısalı, “Faylıńız joǵalǵan bolsa, onı qanday tabasız?” hám olardıń sheshimleri bahalanadı.

**Ámeliy másláhátler hám usınıslar:** Oqıwshılarǵa fayllardı basqarıwda járdem beriw ushın tómendegi másláhátler beriledi:

- Fayl atlarında sáne (mısalı, 18-04-15) yamasa tema (mısalı, “Matematika_test”) isletiw.
- Papkalardı pánler yamasa maqsetler boyınsha ajıratıw (mısalı, “Mektep”, “Jeke”).
- Rezerv nusqaların saqlaw ushın sırtqı yad qurılmalarınan paydalanıw.

Fayllardı nátiyjeli basqarıw boyınsha oqıwshılardı bahalaw olardıń cifrlı dúnyada islew kónlikpelerin rawajlandıradı. Joqarıdaǵı usıllar hám metodikalar járdeminde oqıtıwshılar oqıwshılardıń teoriyalıq bilimlerin hám ámeliy islew qábiletlerin ádalatlı bahalaw múmkin. Bul process oqıwshılarǵa óz jumısların tártipli saqlawdı uyretedi hám keleshekte olarǵa úlken payda keltiredi.

Solay etip, bul usıllar járdeminde oqıwshılardıń fayllardı nátiyjeli basqarıw boyınsha teoriyalıq bilimlerin de, ámeliy kónlikpelerin de bekkemlew múmkin.

## Juwmaqlaw.

Fayllardı nátiyjeli basqarıwdı úyretiwde ınteraktiv metodlardıń abzallıqları kóp tárepten paydalı boladı.

Birinshiden, bul usıllar oqıwshılarǵa real turmıslıq jaǵdaylarda islew imkaniyatın beredi. Mısalı, oqıtıwshı oqıwshılarǵa “bir kompaniyanıń hújjetler arxivın tártipke salıw” sıyaqlı tapsırma beriwi múmkin. Bunda oqıwshılar toparlarǵa bólınıp, fayllardı klassifikaciyalaw, ataw hám saqlaw strategiyasın islep shıǵadı. Bul processde olar tek ǵana teoriyalıq bilimlerdi qollap ǵana qoymastan, toparlarda islew hám mashqalanı sheshiw kónlikpelerin de rawajlandıradı.

Ekinshiden, ınteraktiv metodlar oqıwshılardıń yadında uzaq múddet saqlanatuǵın tásirler qaldıradi. Ápiwayı lekciya tıńlaw menen salıstırǵanda, ámeliy shınıǵıwlarda qatnasqan oqıwshılar úyrengenlerin tezirek eslep qaladı hám onnan paydalana aladı. Mısalı, eger oqıwshı fayllardı bultlı yadta tártipke salıwdı simulyatsiya arqalı úyrense, ol keleshekte óz jumıs ornında sol usıldan biymálel paydalana aladı. Bul bolsa oqıtıwdıń tiykarǵı maqseti - ámeliy jaqtan payda keltiriwge xızmet etedi.

Úshinshiden, ınteraktiv metodlar oqıwshılar arasında báseki hám sheriklik ortalıǵın jaratadı. Mısal ushın, oqıtıwshı “eń tez hám nátiyjeli fayl sistemasın dúziw” boyınsha kishi jarıs shólkemlestiriwi múmkin. Bul oqıwshılardı aktiv qatnasıwǵa iytermeleydi hám olardıń dóretiwshilik jantasıwların asıradı. Sonıń menen birge, toparlarda islew oqıwshılarǵa bir-birinen úyreniw hám tájiriybe almasıw imkaniyatın beredi. Nátiyjede, fayllardı basqarıw boyınsha bilimlerdi tek ǵana oqıtıwshıdan emes, bálki óz teńleslerinen, doslarınan da alǵan boladı.

Keleshekte bul metodlardı jáne de rawajlandırıw ushın zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw múmkin. Mısalı, virtual reallıq (vR) yamasa jasalma intellekt (AI) járdeminde fayllardı basqarıw proceslerin simulyatsiya qılıw oqıwshılarǵa jáne de real tájiriybe beriwi múmkin. Sonıń menen birge, onlayn platformalar arqalı ınteraktiv kurslar shólkemlestiriw de keń múmkinshiliklerdi ashadı. Bul bolsa tek ǵana klass ishinde emes, bálkim aralıqtan oqıtıwda da unamlı nátiyjelerge erisiwge járdem beredi.

Fayllardı nátiyjeli basqarıw kónlikpesi búgingi kúnde hár qanday tarawda - biznes, tálim yamasa jeke turmısda zárúrli áhmiyetke iye. Usınıń sebebinen, bul temanı oqıtıwda ınteraktiv metodlardan paydalanıw tek ǵana oqıtıwshılar ushın qolaylıq jaratıp qoymastan, oqıwshılardı da keleshektegi tabıslarǵa tayarlaydı. Hár bir oqıwshı óz tájiriybesi arqalı úyreniwi, jáne bul bilimlerdi turmısta qollawı ushın ınteraktiv usıllar eń jaqsı sheshim bolıp tabıladı. Sonday eken, oqıtıw processinde bul metodlardı keńirek qollawǵa itibar qaratıw zárúr.

Juwmaqlap aytqanda, fayllardı nátiyjeli basqarıw temasın oqıtıwda ınteraktiv metodlardan paydalanıw oqıw procesin jáne de nátiyjeli hám qızıqlı etedi. Bul usıllar oqıwshılarǵa ámeliy kónlikpeler beredi, yadta uzaq saqlanatuǵın bilimlerdi qáliplestiredi hám toparlıq islew qábiletin asıradı. Dástúriy usıllar menen salıstırǵanda, ınteraktiv metodlar oqıwshılardıń itibarın uzaǵıraq uslap turadı hám olardı dóretiwshilik pikirlewge shaqıradı.

## QOSÍMSHALAR.

**1-qosımsha.**

Bul qosımshada sabaqlıqtaǵı 141-bettegi (11.01-keste. Fayl túrleri) kestege fayl keńeytpelerine túsindirme berilgen.

| Keńeytpe | Anıqlaw ham paydalanıw |
|---|---|
| **.bmp** | "Bitmap Image File" dep atalǵan súwret faylın ańlatadı. Bul Windows operatsion sistemasında standart súwret formatı esaplanadı. |
| **.css** | "Cascading Style Sheets" (Kaskadlı stil kesteleri) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul veb-saytlardıń kórinisin hám formatın belgilew ushın qollanılatuǵın programmalastırıw tili bolıp tabıladı. |
| **.csv** | "Comma Separated values" (útir menen ajıratılǵan mánisler) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul tekstli fayl bolıp, maǵlıwmatlardı keste formasında saqlaw ushın qollanıladı. |
| **.db** | "Database" (Maǵlıwmatlar bazası) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul maǵlıwmatlardı saqlaw hám basqarıw ushın qollanılatuǵın fayl. |
| **.htm** | "HyperText Markup Language" (Gipertekstli belgilew tili) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul veb-betlerdi jaratıw ushın qollanılatuǵın programmalastırıw tili bolıp tabıladı. |
| **.png** | "Portable Network Graphics" (Kóshpeli tarmaq grafikası) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul súwret fayl formatı bolıp tabıladı hám súwret sapasın joǵaltpastan saqlaw múmkinshiligine iye. |
| **.ppt** | "Power Point Presentation" (Power Point prezentaciya) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul Microsoft Power Point programması tárepinen jaratılǵan prezentaciya faylı bolıp tabıladı. |
| **.psd** | "Adobe Photoshop Document" (Adobe Photoshop hújjeti) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul Adobe Photoshop programması tárepinen jaratılǵan súwret faylı bolıp tabıladı. |
| **.rtf** | "Rich Text Format" (Bay tekst formatı) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul tekst fayl formatı bolıp tabıladı, ol tekstti, shriftlerdi, reńlerdi, paragraflardı, kestelerdi hám basqa formatlaw elementlerin saqlaydı. |
| **.tif** | "Tagged Image File Format" (Belgilengen súwret fayl formatı) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul súwret fayl formatı, ol joqarı sapalı súwretlerdi saqlaw ushın arnalǵan. |
| **.txt** | "Plain Text" (Ápiwayı tekst) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul tekst fayl formatı, formatlaw elementleri yamasa basqa maǵlıwmatlarsız tek tekstti saqlaydı. |
| **.zip** | "ZIP Archive" (ZIP arxiv) dep atalǵan fayldı ańlatadı. Bul fayldı tıǵızlaw formatı, ol bir neshe fayldı birden-bir faylǵa tıǵızlap, fayl kólemin azaytadı. |

**2-qosımsha.**

Bul qosımshada "Fayllardı nátiyjeli basqarıw" teması boyınsha oqıwshılar bilimlerin bahalaw ushın test sorawları berilgen.

**1. Qaysı juwap fayl atı hám fayl keńeytpesiniń tuwrı tariypin beredi?**

A) Fayl atı - fayldıń mazmunın, fayl keńeytpesi - fayl jaratılǵan sáneni kórsetedi.

B) Fayl atı - fayl túrin, fayl keńeytpesi - fayldıń kólemin kórsetedi.

C) Fayl atı - fayldı anıqlaw ushın qollanılatuǵın unikal at, fayl keńeytpesi - fayl túrin anıqlaw ushın qollanılatuǵın qosımsha maǵlıwmat.

D) Fayl atı - fayldıń jaylasqan papkasın, fayl keńeytpesi - fayldıń aqırǵı ózgeris kiritilgen sánesin kórsetedi.

**Tuwrı juwap :** C) Fayl atı - fayldı anıqlaw ushın qollanılatuǵın unikal at, fayl keńeytpesi - fayl túrin anıqlaw ushın qollanılatuǵın qosımsha maǵlıwmat.

**2. "bmp" faylı qanday túrdegi fayl esaplanadı?**

A) Súwretli fayl B) Tekstli fayl C) Video fayl D) Audio fayl

**Tuwrı juwap:** A) Súwretli fayl

**3. CSV faylı ne ushın qollanıladı?**

A) Súwretlerdi saqlaw ushın B) Tekstli hújjetlerdi saqlaw ushın

C) Elektron keste maǵlıwmatların saqlaw ushın D) Video fayllardı saqlaw ushın

**Tuwrı juwap:** C) Elektron keste maǵlıwmatların saqlaw ushın

**4. CSV faylın qanday etip jaratıw múmkin?**

A) " File > New" buyrıǵı arqalı

B) "File >Save As" buyrıǵı arqalı hám formattı CSV etip tańlaw arqalı

C) " Edit > Copy" hám " Edit > Paste" buyrıqları arqalı

D) " Insert > Picture" buyrıǵı arqalı

**Tuwrı juwap:** B) " File > Save As" buyrıǵı arqalı hám formattı CSV etip tańlaw arqalı.

**5. Tómendegi keltirilgen fayl túrlerinen qaysısı maǵlıwmatlardı tıǵızlaw texnologiyası tiykarında jaratılǵan hám maǵlıwmat uzatıw ushın qollanıladı?**

A) txt B) zip C) xml D) pdf

**Tuwrı juwap:** B) zip

**6. Keltirilgen fayl túrlerinen qaysısı formatlarsız ápiwayı tekstli fayl esaplanadı?**

A) txt B) zip C) xml D) pdf

**Tuwrı juwap: A). txt**

**7. XML faylın ashıwdıń eń ańsat usılı neden ibarat?**

A) Fayldı arxivator programması járdeminde ashıw

B) Fayldı tekstli redaktor programması járdeminde ashıw

C) Fayldı brauzer programması járdeminde ashıw

D) Fayldı eki ret basıw hám kompyuterde ornatılǵan standart programmalardan birin tańlaw

**Tuwrı juwap:** D) Fayldı eki ret basıw hám kompyuterde ornatılǵan standart programmalardan birin tańlaw

**8. Fayllardı saqlaw hám jaylastırıwda qanday máslahátlerge ámel qılıw kerek?**

A) Fayllardı atawda olardıń mazmunın sáwlelendiriwshi qısqa hám túsinikli at beriw hám birdey túrdegi fayllardı bólek papkalarda saqlaw.

B) Fayllardı saqlawda olardıń kólemin minimallastırıw hám olardı tez-tez nusqalaw.

C) Fayllardı saqlawda olardıń túrin hám jaratılǵan sánesin esapqa alıw hám olardı álipbe tártibinde jaylastırıw.

D) Fayllardı saqlawda olardıń jaylasqan manzilin yadta saqlaw hám olardı parol menen qorǵaw.

**Tuwrı juwap:** A) Fayllardı atawda olardıń mazmunın sáwlelendiriwshi qısqa hám túsinikli at beriw hám birdey túrdegi fayllardı bólek papkalarda saqlaw.

**9. Fayllardı saqlawda papkalardı qanday dúziw kerek?**

A) Fayllardıń jaratılǵan sánesine qaray  B) Fayllardıń túrine qaray

C) Fayllardıń mazmunına qaray  D) Fayllardıń kólemine qaray

**Tuwrı juwap:** C) Fayllardıń mazmunına qaray.

**10. Fayl atına qanday maǵlıwmatlardı kirgiziw múmkin?**

A) Tek fayl jaratılǵan sáneni  B) Tek fayl mazmunın

C) Fayl jaratılǵan sáneni hám fayl mazmunın  D) Fayl atına hesh qanday maǵlıwmat kiritip bolmaydı

**Tuwrı juwap:** C) Fayl jaratılǵan sáneni hám fayl mazmunın

**11. Hújjettiń qaralama nusqasın basıp shıǵarıw qanday artıqmashılıqlarǵa iye?**

A) Basıp shıǵarıw tezligin asıradı.

B) Túrli shriftler hám grafiklardı qóllaw imkaniyatın beredi.

C) Hújjettiń juwmaqlawshı nusqasın basıp shıǵarıwdan kóre arzanlaw.

D) Barlıq juwaplar tuwrı .

**Tuwrı juwap:** A) Basıp shıǵarıw tezligin asıradı.

**12. Kompyuterde skrinshot alıw ushın qaysı tuymeni basıw kerek?**

A) Alt  B) Ctrl  C) Print Screen  D) Shift

**Tuwrı juwap:** C) Print Screen

**13. Joǵaltıwlarsız tıǵızlaw qanday maǵlıwmatlar menen islewde qollanıladı?**

A) Tek tekstli maǵlıwmatlar menen  B) Tek cifrlı maǵlıwmatlar menen

C) Tekstli hám cifrlı maǵlıwmatlar menen  D) Hár qanday túrdegi maǵlıwmatlar menen

**Tuwrı juwap:** C) Tekstli hám cifrlı maǵlıwmatlar menen

**14. Zip texnologiyası qanday tıǵızlaw túrine mısal bola aladı?**

A) Joǵaltıwlı tıǵızlaw  B) Joǵaltıwlarsız tıǵızlaw

C) Aralas tıǵızlaw  D) Tıǵızlawdıń túri emes

**Tuwrı juwap : B) Joǵaltıwlarsız tıǵızlaw**

**15. Ne ushın .txt faylı keńeytpesinen paydalanıw tekst qanday saqlanǵanın bilmesten de tekstli fayldı almasıw múmkinligin ańlatadı?**

A) Sebebi .txt faylı barlıq operacion sistemalar tárepinen qollap -quwatlanadı.

B) Sebebi .txt faylı eń kishi kólemge iye.

C) Sebebi .txt faylı hesh qanday formatlaw belgilerin óz ishine almaydı.

D) Sebebi .txt faylı ashıq kodlı format esaplanadı.

**Tuwrı juwap:** A) Sebebi .txt faylı barlıq operacion sistemalar tárepinen qollap -quwatlanadı.

**3-qosımsha.**

Bul qosımshada quizziz.com onlayn platformasında interaktiv testten paydalanıwda qaǵaz rejimi Q-kartalardan paydalanıw boyınsha kórsetpe berilgen. (kórsetpe quizziz.com saytınan alındı.) [7]

**QUIZIZZ | *Бумажный режим***

## Q–карты

### Инструкции по использованию:

- На каждой карточке напечатан номер участника, чтобы вам было легче идентифицировать участников для оценки.
- Чтобы ответить, используя Q-карточки, учащиеся должны вращать карточку, чтобы выбрать один из вариантов.




- Чтобы правильно сканировать и собирать ответы, убедитесь, что учащиеся держат карточку вертикально, не блокируя и не наклоняя ее.




Кончик:

Повторно используйте те же Q-карточки для вашего следующего теста. Больше печатать не надо :)

Ламинированные Q-карты служат дольше.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi.**

1. “Umumiy o’rta ta’lim maktablarida informatika ba axborot texnologiyalari fanidan nazorat ishlarini tashkil etish bo’yicha tavsiyalar”. (9-sinf uchun). Termiz-2019.

2. “SCIENCE AND EDUCATION” JOURNAL OKTOVER 2023/VOLUME 4, ISSUE 10 “Ta’lim jarayonida interaktiv metodlar” Komil Uralovich Yahshilikov. Jizzax politexnika instituti.

3. “Ta’lim, fan va innovatsiya”, Ma’naviy-ma’rifiy, ilmiy-uslubiy jurnal. 2024. 1-son

4. O‘zbekiston Respublikasi oliy ta’lim, fan va innovaciyalar vazirligi, Qo‘qon davlat pedagogika instituti aniq va tabiiy fanlar fakulteti informatika kafedrasi “Zamonaviy ta’limda raqamli texnologiyalardan foydalanish istiqbollari” mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy anjuman materiallari. Published: 2024-10-21

5. Ilmiy axborotnoma. 2021-yil, 2-son (126). Parmonov A.A. “Zamonaviy raqamli texnologiyalar va ularni ta’lim jarayoniga joriy etishning zarurati ” 155-bet.

**Internet resursları**

**6.** https://uz.wikipedia.org/wiki/Fayl

**7.** https://quizizz.com/

**8.** https://ilmlar.uz/qiziqarli-metodlar/